



Rezime Nòt Medicare pou Pati B (Asirans Medikal)

Paj 1 nan 4

Rezime Ofisyèl Reklamasyon Medicare ou yo ki soti nan Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid Services)

JOHN DOE
NON ADRÈS TANPORÈ-A
RI ADRÈS LA
VIL, ETA 12345-6789

SA SE PA YON FAKTI

Avi pou John Doe

Nimewo Medicare XXXXX1234

Dat Avi Sa-a 1 mas 2019

Reklamasyon Ki 1 janvye -
Fèt Ant 1 mas 2019

Reklamasyon Ak Depans Ou Yo Pou
Peryòd Sa

Èske Medicare Te Apwouve Tout Sèvis Yo? NON

Kantite Sèvis Medicare refize? 1

Gade reklamasyon yo ki kòmanse nan paj 3.

Chèche NON nan kolòn "Sèvis Apwouve?"

Gade dènye paj la pou konnen kijan pou ou fè
lè ou genyen yon reklamasyon ke yo refize.

Kantite Yo Kapab Mande Ou Peye \$90.15

Founisè Swen Sante ki genyen
Reklamasyon pandan Peryòd Sa

21 janvye 2019

Craig I. Secosan, M.D.

Sitiyasyon Dediktib Ou-a

Dediktib (Deductible) ou-a se kantite lajan ou dwe
peye pou pifò sèvis sante anvan Medicare kòmanse
peye.

Dediktib pou Pati B Ou rive kounye-a \$85.00
nan \$147.00 dediktib ou-a pou 2019.

Enfòme'w!

Byenvini nan nouvo Rezime Nòt Medicare ou-a!
Li gen yon langaj ki klè, li ekri nan gwo let, epi se
yon rezime pèsonèl reklamasyon ak dediktib ou
yo. Sa se yon nòt ki amelyore epi ki eksplike pi
byen kijan ou apab jwenn èd ak kesyon ou yo,
rapòte fwod, oswa fè aplikasyon pou yon apèl. Li
gen ladan'l tou enfòmasyon enpòtan ki soti nan
Medicare!

Fè Plis Ak Medicare Ou-a

Kijan Pou Tcheke Nòt Sa

Èske ou rekonèt non chak doktè oswa lò founisè swen sante? Tcheke dat yo. Eske ou te gen yon randevou jou sa-a?

Èske ou te resevwa sèvis yo ki nan lis la? Èske yo koresponn ak sa ki nan lis sou resi ak bòdwo ou yo?

Si ou deja peye bòdwo-a, èske ou te peye kantite lajan an antye? Tcheke kantite maksimòm ou ka resevwa nan bòdwo-a. Gade si yo te voye reklamasyon-a nan plan asirans siplemantè Medicare ou-a (Medigap) oswa lòt konpayi asirans. Plan sa ka peye pati ou-a.

Kijan Pou Ou Rapòte Fwod

Si ou panse yon founisè swen sante oswa yon biznis enplike nan fwod, rele nou nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).

Kèk egzamp fwod gen ladan'l ofri-ou sèvis medikal gratis oswa voye bòdwo ba-ou pou sèvis Medicare ou pa te resevwa. Si nou detèmine ke konsèy-ou te mennen a dekouvri on fwod, ou ka kalifye pou yon rekompans.

Ou kapab fè yon diferans! Ane pase, Medicare fè kontribyab yo ekonomize \$4.2 milya dola — pi gwo kantite lajan ki janm rekipere nan yon sèl ane — gras a moun ki rapòte aktivite sispèk bay Medicare.

Kòman Ou Kapab Jwenn Èd a Kesyon Ou Yo

1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)

Mande pou "sèvis doktè" Kòd sèvis kliyantèl ou-a se 05535.

TTY 1-877-486-2048 (pou moun ki gen pwoblèm tandem)

Kontakte Pwogram Asirans Sante Eta ou-a (State Health Insurance Program - SHIP) pou konsèy sou asirans sante lokal gratis. Rele nan 1-555-555-5555.

Sèvis Preventif Medicare yo

Medicare kouvri anpil egzamen gratis oswa a pri ki ba pou ede-ou rete an sante. Pou plis enfòmasyon sou sèvis preventif yo:

- Pale ak doktè ou-a.
- Gade manyèl "Medicare & You" ou-a pou yon lis konplè.
- Kreye yon kont sou Medicare.gov.

Mesaj Ou Genyen Ki Soti Nan Medicare

Pran on vaksen pou jèm nemokòk Ou ka sèlman bezwen li yon fwa nan lavi. Kontakte founisè swen sante ou-a pou plis enfòmason sou vaksen sa. Ou pa genyen pou peye anyen si founisè swen sante ou-a aksepte pasyan Medicare.

Si w chanje adrès ou, mete l'ajou bò kote Administrasyon Sekirite Sosyal la nan SSA.gov/MyContact.

Pi bon pwoteksyon-ou se fè deteksyon bonè. Pran randevou pou mamogram ou-a jodi-a, epi sonje ke Medicare ede peye pou mamogram depistaj yo.

Ou ta renmen wè reklamasyon ou yo kounye-a? Ale nan reklamasyon Orijinal Medicare ou yo nan adrès entènèt www.Medicare.gov anjeneral nan 24 èdtan apre Medicare fin trete reklamasyon-an. Ou kapab sèvi ak fonksyon "Blue Button" pou ede ou swiv dosye sante pèsonèl-ou.

Reklamasyon Ou Yo pou Pati B (Asirans Medikal)

Pati B Asirans Medikal la ede peye pou sèvis doktè, tès dyagnostik, sèvis anbilans, ak lòt sèvis swen sante.

Definisyon Kolòn Yo

Sèvis Apwouye?: Kolòn sa di ou si Medicare te kouvri sèvis sa.

Kantite Lajan Moun Ki Bay Swen-an Mande: Sa se kantite lajan pou moun ki te bay-ou swen-an pou sèvis sa.

Kantite Lajan Medicare Apwouye: Sa se kantite lajan yo kapab peye moun ki bay swen-an pou yon sèvis Medicare. Li kapab mwens ke kantite lajan moun ki bay swen-an mande.

Moun ki te bay-ou swen-an aksepte kantite lajan sa a kòm peman konplè pou sèvis ki kouvri yo. Medicare anjeneral peye 80% nan kantite lajan Medicare apwouye.

Kantite Lajan Medicare Peye: Sa se kantite kòb Medicare peye moun ki te bay-ou swen an. Anjeneral se 80% nan kantite lajan Medicare apwouye.

Kantite Maksimòm Yo Kapab Mande Ou Peye Sa se kantite total lajan moun ki bay-ou swen sante-a gen dwa voye nan bòdwo bay-ou, epi li ka gen ladan yon dediktib, ko-asirans, ak lòt frè ki pa kouvri. Si ou gen Asirans Medicare Siplemantè (politik Medigap) oswa lòt asirans, li ka peye tout oswa yon pati nan kantite lajan sa-a.

21 janvye 2019

Craig I. Secosan, M.D., (555) 555-1234

Looking Glass Eye Center PA, 1888 Medical Park Dr, Suite C, Brevard, NC 28712-4187

Sèvis Ke Yo Bay-ou & Kòd Faktirasyon	Sèvis Apwouye?	Kantite Lajan Moun Ki Bay Swen-an Mande	Kantite Lajan Medicare Apwouye	Kantite lajan Medicare Peye	Kantite Maksimòm Yo Kapab Mande Ou Peye	Gade Nòt Anba Yo
Egzamen medikal ak je pou dyagnostik ak tretman, pasyan etabli, 1 vizit oswa plis (92014)	Wi	\$143.00	\$107.97	\$86.38	\$21.59	
Destriksyon kwasans sou po (17000)	NON	68,56	0,00	0,00	\$68.56	A
Total pou Reklamasyon #02-10195-592-390		\$211.56	\$107.97	\$86.38	\$90.15	B

Nòt pou Reklamasyon Anwo-a

- A Yo te refize sèvis sa. Enfòmasyon yo te bay la pa sipòte bezwen pou sèvis oswa atik sa-a.
- B Yo te voye reklamasyon ou-a nan Asirans Medicare Siplemantè ou-a (politik Medigap), Wellmark BlueCross BlueShield ki nan N. Carolina. Voye tout kesyon konsènan benefis ou yo bay yo.

Kijan Pou Ou Jere Refi pou Reklamasyon yo oswa Kijan Pou Ou Fè Apèl

Jwenn Plis Detay

Si yo te refize yon reklamasyon, rele oswa ekri moun ki bay-ou swen-an epi mande pou yon deklarasyon detaye pou nenpòt reklamasyon. Asire'w enfòmasyon yo voye yo kòrèk. Si yo pa't fè sa, mande emoun ki bay-ou swen-an pou kontakte biwo reklamasyon nou-a pou korije erè-a. Ou kapab mande moun ki bay-ou swen-an yon deklarasyon detaye pou nenpòt ki sèvis oswa reklamasyon.

Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou plis enfòmasyon sou yon pwoteksyon oswa desizyon peman ki sou nòt sa-a, ou ka poze kesyon tou sou lwa oswa règleman yo itilize pou pran desizyon-an.

Si Ou Pa dakò ak yon Desizyon sou Pwoteksyon, Desizyon sou Peman, oswa Kantite Pou Peye sou Nòt sa, Ou Ka Fè Apèl

Demann Apèl yo dwe fèt pa ekri. Itilize fòmilè ki sou bò dwat la. Biwo reklamasyon nou-an dwe resevwa apèl ou-a nan 120 jou apati dat ou resevwa nòt sa-a.

Nou dwe resevwa apè ou-a:

13 jiyè 2020

Si Ou bezwen Èd Pou Depoze Apèl Ou-a

Kontakte nou: Rele 1-800-MEDICARE oswa Pwogram Asirans Sante Eta ou-a (gade paj 2) pou jwenn èd anvan ou depoze yon apèl ou-a pa ekri, ansanm ak èd pou nonmen yon reprezantan.

Rele moun ki bay-ou swen-an: Ou kapab mande moun ki bay-ou swen-an pou bay-ou nenpòt ki enfòmasyon ki kapab ede-ou.

Mande yon zanmi pou ede-ou: Ou ka nonmen yon moun, tankou yon fanmi oswa yon zanmi, pou reprezante-ou nan pwosesis apèl la.

Chèche Konnen Plis Sou Apèl Yo

Pou plis enfòmasyon sou apèl yo, li manyèl "Medicare & You" ou-a oswa vizite nou sou entènèt nan [www.medicare.gov/appeals](#).

Fè yon Apèl pa Ekri

Swiv etap sa yo:

- Fè yon wonn sou sèvis oswa reklamasyon ke ou pa dakò ak li (yo) nan nòt sa-a.
- Eksplike pa ekri poukisa ou pa dakò avèk desizyon-an. Mete eksplikasyon'w la sou nòt sa-a oswa, si ou bezwen plis espas, tache yon paj apa ek nòt sa-a.
- Ranpli tout bagay sa yo:
Non konplè pa'w oswa non moun ki reprezante ou-a (lèt majiskil)

Nimewo telefòn-ou



Nimewo konplè Medicare la

- Mete nenpòt lòt enfòmasyon ou genyen sou apèl ou-a. Ou kapab mande etablisman ou-a pou bay-ou nenpòt ki enfòmasyon ki pral ede-ou.
- Ekri nimewo Medicare ou-a sou tout dokiman ke ou voye.
- Fè fotokopi nòt sa ak tout dokiman sipò yo pou dosye pa'w.
- Voye avi sa ansanm ak tout dokiman sipò yo nan adrès sa-a:

Medicare Claims Office
(Biwo Reklamasyon Medicare)
c/o Non kontraktè-a

Ri Adrès la
Vil, Eta 12345-6789